

Mizajou OSS - 18/08/2020

Chè Biwo Etidyan Sèvis pou Fanmi yo,

Mèsi a nou menm ki te kapab rankontre ak nou yo semèn ki sot pase a nan reyinyon Kominotè a. Nou te resevwa kesyon sou sèvis IEP yo, òf espesyal yo, sipò paran ak estaf la. Pou sila yo ki pa te kapab la avèk nou yo nan reyinyon an oswa ki pa te jwenn repons pou kesyon yo a, n ap jwenn anrejistreman videyo a [isit la](#).

[Sesyon Kesyon ak Repons Reyinyon Kominotè OSS 2 an](#)

Kòm ane lekòl la ap vanse pi pre, nou konnen gen anpil kesyon san repons ak preyoqipasyon toujou. Nou gen angajman pou nou travay ak kominote edikatè devwe nou yo, asosye nou yo, etidyan yo ak fanmi yo tankou nou menm pou poze kesyon sa yo anvan menm ane lekòl la kòmanse. Sa enpòtan tou pou remake ke pandan nap kontinye sibi konsekans yon pandemi ki ap evolye, nou ka pote chanjman nan plan pou reouvè distri a pandan n'ap aprann plis nan semèn k ap vini yo. Pou rezon sa a, nou ap voye mizajou chak semèn apati de jodi a.

Anba la n ap jwenn kèk enfòmasyon kle sou Meri a:

- Aprantisaj a distans pou tout etidyan yo avèk opsyon an pèsòn yo pou etidyan ki gen andikap yo nan pwogram separe yo (preskolè-12) ak anseyan Anglè yo nan Pwogram Imèsyon Anglè an (JK-12).
- Si distri a pase anliy nèt, Biwo Sèvis pou Eèv yo pral toujou etidye posibilite pou bay sèvis limite (pa egzanp sèvis ki ede avèk bezwen espesyal la) bay elèv ki gen bezwen enpòtan ak konplike yo.
- Paran yo ap gen yon chans pou bay enfòmasyon sou jan timoun yo ap travay nan aprantisaj a distans lan ak opsyon an pèsòn lan anvan menm lekòl la kòmanse. Sa ap fèt ak dokiman ki ekri.

Tanpri toujou veye opòtinite ki gen pou vini yo:

20 Dawout a 3è PM: Ekspoze: Aprantisaj Ete 2020

Lòt sesyon ki gen pou rantre nan orè a.

Mèsi pou sipò ak patenarya ou toujou bay.

Dr. Alexis Morgan

Asistan Direktè, Biwo Sèvis Elèv yo